

Depistaj kansè kolorektal avèk tès Cologuard la

Kisa tès Cologuard® la ye?

Tès Cologuard la detekte siy kansè nan kolon nan watè w (poupou). Tès Cologuard la se yon tès depistaj ki pa gen antre anndan kò ladan. Li rapid e fasil pou itilize lakay ou.

Kisa ki anndan kit kòlèk Cologuard ou a?

W ap resevwa kit kòlèk Cologuard ou a nan kourye.



Kijan pou m itilize kit kòlèk Cologuard mwen an?

1. Debale kit ou a. Li Gid Pasyan ki anndan an (Anglè ak Espayòl).
 - Mete yon rapèl kalandriye nan telefòn ou pou reyalize kit ou a nan 2 semèn
2. Kolekte echantiyon w lan lè w ka fè UPS® jwenn li nan menm jou a oswa nan landmen.
3. Voye echantiyon ou a nan menm jou oswa nan landmen apre ou fin kolekte li.
 - Planifye pou UPS pase pran l gratis (1-844-870-8870 oswa [Cologuard.com/UPS](https://cologuard.com/UPS)).
 - Pote kit ou a nan UPS. Jwenn magazen yo ansanm ak lè fonksyònman yo nan [Cologuard.com/UPS](https://cologuard.com/UPS). Sèten magazen fèmen le Dimanch oswa jou ferye yo
4. Founisè swen sante w la ap resevwa rezilta w yo nan apeprè 2 semèn apre Exact Sciences Laboratories te resevwa echantiyon w lan.

Gade Videyo [Kòman pou itilize Cologuard la](https://cologuard.com/use) (nan 13 lang) Eskane kòd QR la oswa ale sou [Cologuard.com/use](https://cologuard.com/use)



Kesyon?

Tanpri ale sou [Cologuard.com](https://cologuard.com) oswa rele Exact Sciences Laboratories nan 1-844-870-8870.

Endikasyon ak Enfòmasyon Enpòtan sou Risk Tès Cologuard

Objektif tès Cologuard la se pou fè depistaj kay granmoun ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk mwayen pou kansè kolorektal nan detekte sèten makè ADN ak san nan poupou. Pa itilize l si ou te gen adenòm, si ou gen maladi enflamatwa entesten ak sèten sendwòm ereditè, oswa yon istwa pèsònèl oubyen istwa nan fanmi pou kansè kolorektal. Tès Cologuard la pa yon ranplasman kolonoskopi kay pasyan ki gen gwo risk yo. Estimasyon pèfòmans tès Cologuard la kay granmoun ki gen laj 45-49 lane baze sou yon gwo etid klinik kay pasyan ki gen laj 50 lane oswa plis. Rezilta tès Cologuard la dwe entèprete avèk prekosyon. Yon rezilta tès pozitif pa konfime prezans kansè. Yo dwe refere pasyan ki gen yon rezilta tès pozitif pou yo fè kolonoskopi. Yon rezilta tès negatif pa konfime absans kansè. Pasyan ki gen yon rezilta tès negatif dwe pale avèk doktè yo pou konnen kilè yo dwe fè tès ankò. Rezilta fo pozitif ak fo negatif ka rive. Nan yon etid klinik, 13% moun ki pa gen kansè te resevwa yon rezilta pozitif (fo pozitif) epi 8% moun ki gen kansè te resevwa yon rezilta negatif (fo negatif). Rx sèlman.